

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun prinsip jeung maksim omongan dina paguneman kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia. Dumasar kana hasil panalungtikan jeung déskripsi data, hasil panalungtikan prinsip jeung maksim omongan dina paguneman kumpulan carpon *Panggung Wayang* kapanggih 841 omongan anu ngawujud jadi téks adegan paguneman, anu satuluyna dianalisis dumasar kana (1) prinsip jeung maksim omongan dina paguneman, (2) maksud omongan dina téks paguneman, jeung (3) tahapan pragmatis omongan dina téks paguneman.

Kahiji, prinsip jeung maksim omongan dina paguneman mangrupa salahahiji wengkuhan tina wangun adegan paguneman. Prinsip dina paguneman aya dua, nya éta prinsip gawé bareng jeung prinsip kasopanan. Prinsip gawé bareng dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia kapanggih dina opat maksim, nya éta: 1) maksim kuantitas aya 295 omongan; 2) maksim kualitas aya 100 omongan; 3) maksim kasaluyuan aya 173 omongan; jeung 4) maksim cara aya 125 omongan. Satuluyna dina prinsip kasopanan kapanggih aya genep maksim, nya éta 1) maksim kawijaksanaan aya 73 omongan; 2) maksim katumarima aya 74 omongan; 3) maksim pangcocog aya 27 omongan; 4) maksim kasimpatian aya 41 omongan; 5) maksim balabah aya 32 omongan; jeung 6) maksim handap asor aya 49 omongan.

Kadua, aya sawatara omongan dina paguneman anu ngandung sababaraha maksim. Éta hal bisa jadi lantaran antara maksim hiji jeung maksim nu lianna saling ngadeudeuleun dina lumangsungna paguneman sangkan komunikasina lancar.

Katilu, tina papasingan prinsip jeung maksim omongan dina paguneman, kapanggih babandingan antara prinsip gawé bareng jeung prinsip kasopanan.

Tétéla omongan dina paguneman kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia, prinsip gawé bareng leuwih loba dilaksanakeun tibatan prinsip kasopanan. Éta hal bisa jadi lantaran lumangsungna hubungan timbal balik dina paguneman dibutuhkeun gawé bareng antara panyatur jeung pamiarsa, sangkan komunikasina lancar. Béda deui jeung prinsip kasopanan, anu dina paguneman dilaksanakeun sangkan papada jalma bisa silihajénan, silihhortat, jeung méré kauntungan ka jalma lian.

Kaopat, maksud omongan magrupa pesen nu aya dina omongan. Dumasar kana prinsip paguneman, maksud omongan anu kapanggih dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia aya opat rupa kalimah, nya éta kalimah komisif, kalimah impositif, kalimah eksprésif, jeung kalimah asértif. Maksud kalimah/omongan dina prinsip gawé bareng, di antarana: 1) komisif aya 178 kalimah/omongan; 2) impositif aya 88 kalimah/omongan; 3) eksprésif aya 112 kalimah/omongan; jeung 4) asértif aya 134 kalimah/omongan. Ari maksud kalimah/omongan dina prinsip kasopanan, di antarana: 1) komisif aya 132 kalimah/omongan; 2) impositif aya 70 kalimah/omongan; 3) eksprésif aya 50 kalimah/omongan; jeung 4) asértif aya 77 kalimah/omongan.

Kalima, tahapan pragmatis omongan dina paguneman nyaéta tatakrama basa atawa undak-usuk basa, anu mangrupa sopan santun makéna basa dina waktu komunikasi. Tina hasil analisis data, kapanggih aya opat tahapan pragmatis, nya éta 1) tahapan pragmatis lemes jumlahna aya 299 omongan; 2) tahapan pragmatis wajar aya 450 omongan; 3) tahapan pragmatis kasar aya 16 omongan; jeung 4) tahapan pragmatis campuran aya 18 omongan.

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sawatara anu rék ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

Kahiji, ieu panalungtikan téh ngulik ngeunaan kabasaan dina ragam tinulis, nya éta karya sastra dina wangun carpon, anu medar ngeunaan prinsip

jeung maksim omongan dina paguneman kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia. Ku kituna, dipiharep aya nu bisa nalungtik prinsip jeung maksim omongan dina paguneman nu lumangsung dina kahirupan sapopoé.

Kadua, ieu hasil panalungtikan téh can dijadikeun bahan pangajaran. Ku kituna, ieu panalungtikan téh bakal leuwih hadé upama bisa diterapkeun kana bahan pangajaran.